

ENTÈPRÈT

Disetyem Sikwi jidisyè a pran angajman pou bay moun ki pa pale anglè ak moun ki soud yo, entèprèt kalifye nan entansyon pou elimine baryè kominikasyon ki ka anpeche yo patisipe okonplè nan pwosesis tribinal yo pou asirir jistis ekitab ak aksè egal nan tribinal yo.

Intèprèt Lang Pale Yo

Disetyem Sikwi jidisyè a bay moun ki pa pale anglè yo entèprèt selon Dwa Sivil 1964 Tit VI, seksyon 90.606, Lalwa Florid yo ak Règleman 2.560, Administrasyon Jidisyè Règ Florid yo.

Nou ap nonmen entèprèt kalifye pou lang pale yo lè gen yon interè fondamantal ki an je epi lè moun nan pa gen abilite pou konprann oswa eksprime tèt li an Anglè ki anpeche l patisipasyon okonplè nan pwosesis tribinal yo. Ka sa yo enkli, men ki pa limite ak, ka sikwi ak ka kontre kriminel, ka delenkans jivenil ak depandans, patènite, lòd pwoteksyon kont vyolans domestik, pwosè sante mantal ak enkapasite, ak tout lòt kòz tribinal la deside ki bezwen entèprèt.

Nou ap osi nonmen entèprèt kalifye lang pale yo pou temwen ak viktim yo ki pa pale anglè, nan kelkeswa pwosè a nan kelkeswa sikwi oswa tribinal kriminel kontre a, oswa nan tout pwosè tribinal delenkans jivenil.

Biwo Entepret nan tribinal la bay servis entepret nan lang Panyol /kreole pou akize ak temwen nan pwosedi legal yo toupatou nan **kat** tribinal andedan Broward. Biwo a ede ak lezot lang yo osi le gen bezwen depi yo mande mande pou lang pale .

Nou dwe resevwa demann pou entèprèt lang pale yo, omwen 7 jou anvan dat pwosè a. Nan ka lang ki pa komen yo ak entepretasyon enprevi yo, nou ka bezwen plis tan pou nou jwenn yon entèprèt kalifye epi nou ka sèvi ak yon sèvis entèprèt elwanye nan videyo oswa nan telefòn.

Pou fè demann yon entèprèt tribinal lang pale :KONTAKTE Biwo Entepret la nan (954) 831-7290

Entèprèt Lang Siy

Anplis de sa, Disetyem Sikwi Jidisyè a bay sèvis entèprèt ak akomodasyon rezonab pou moun ki soud yo pou kelkeswa ka yo genyen an, selon seksyon 90.6063, Lalwa Florid ak lwa konsenan Ameriken ki Andikape "American with Disabilities Act" (ADA).

Demann pou yon entèprèt lang siy ta dwe fèt omwen 7 jou anvan dat randevou a si posib. Pou fè demann yon entèprèt lang siy oswa akomodasyon selon lwa konsenan Ameriken ki Andikape ,kontakte koodonate,Diana Sobel ,nan (954) 831-7721

Premye Sikwi Jidisyel

Dezyèm Sikwi Jidisyel

Twazyèm Sikwi Jidisyel

Katriyèm Sikwi Jidisyel

Senkyèm Sikwi Jidisyel

Sizyèm Sikwi Jidisyel

Setyèm Sikwi Jidisyel

Wityèm Sikwi Jidisyel

Nevyèm Sikwi Jidisyel

Dizyèm Sikwi Jidisyel

Onzyèm Sikwi Jidisyel

Douzyèm Sikwi Jidisyel

Trezyèm Sikwi Jidisyel

Katozyèm Sikwi Jidisyel

Kenzyèm Sikwi Jidisyel

Sezyèm Sikwi Jidisyel

Disetyèm Sikwi Jidisyel

Dizwityèm Sikwi Jidisyel

Diznevyèm Sikwi Jidisyel

Ventyèm Sikwi Jidisyel